

Supplemental Security Income (SSI)

Edisyon 2008



Konprann Pwen Enpòtan SSI: Lajan Antèman



Kisa lajan antèman ye?

Yon lajan antèman se yon lajan ki sere pou fè depans antèman. Pa egzanp, lajan sa a ka nan kont labank, li ka lòt enstriman finansye, oswa li ka yon aranjman pou antèman ki peye davans.

Kèk eta pèmèt yon moun peye pou antèman yo davans lè moun nan pase yon kontra avèk yon ponp finèb epi li peye pou antèman li davans. Ou ta dwe diskite sa avèk biwo Sekirite Sosyal ki nan zòn ou.

Èske yon lajan antèman konsidere kòm yon resous pou SSI?

Anjeneral, ou menm ak konjwen ou, nou chak ka sere jiska \$1500 pou depans antèman. Nan pifò ka yo, lajan sa a p ap konsidere kòm yon resous pou SSI.

Si ou menm (ak konjwen ou) gen kontra asirans vi oswa fè lòt aranjman pou antèman anplis lajan antèman ou ki vo \$1500, kèk pati nan lajan antèman an ka konte nan limit resous \$2000 pou yon moun oswa \$3000 pou yon koup.

Èske enterè ou touche sou lajan antèman ou (ak lajan antèman konjwen ou) konte kòm yon resous oswa revni pou SSI?

Nimewo Enterè ou touche sou lajan antèman ou (oswa sou lajan antèman konjwen ou) ou epaye pa konte kòm yon resous oswa revni pou SSI epi li pa afekte benefis SSI ou.

Kouman w ou ka kreye yon lajan antèman?

Nenpòt kont ou louvri dwe montre aklè lajan an sere pou fè depans antèman. Ou ka fè sa depi w:

- ou kont lan tit lajan antèman; oswa
- siyen yon deklarasyon ki di
 - konbyen lajan ki sere pou depans antèman an,
 - pou kimoun lajan antèman an sere,
 - kouman lajan an sere, epi
 - dat ou te kòmanse konsidere lajan an sere pou depans antèman an.

Sa k ap pase lè w depanse lajan nan yon lajan antèman?

Si w depanse nenpòt kantite lajan nan yon lajan antèman sou atik ki pa asosye avèk depans antèman, ka gen yon sanksyon pou sa.